

# Kite jeneratè yo D.L.S.\* pou ou pa vini M.L.R.\*

\*Deyò, Lwen & Sèk (D.L.S.) \*Mò Lè yo Rive (M.L.R)

**Jeneratè yo pwodwi anpil Monoksid Kabòn byen vit (CO) ki ka lakoz lanmò. Ou paka wè oswa santi CO.**

- PA JANM sèvi ak yon jeneratè andedan kay oubyen nan plas ki fèmèn pasyèlman tankou garaj
- OUVRI pòt ak fenèt oubyen sèvi ak vantilatè PA'P anpeche anpwazonman CO
- METE jeneratè yo deyò, lwen pòt, fenèt, griyay vantile ki kole ak deyò kay la, ak inite è kondisyon ki ka rale CO vin andedan kay la
- SÈVI ak alàm CO anndan kay la ki mache ak batri epi ki satisfè kondisyon estanda sekirite yo
- SWIV enstriksyon manifakti yo pou jeneratè ak alàm CO yo
- TESTE alàm CO yo souvan
- AL PRAN lè frè IMEDYATMAN si'w santi'w malad, toudi, oubyen fèb rele Sant Kontwol Pwazon an nan 1-800-222-1222

